

**Avi konsènan Pratik Konfidansyalite Enfòmasyon Prive:**

2023

AVI SA A DEKRI FASON NOU KA ITILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE OU AK FASON OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI LI AVI A AVÈK ANPIL ATANSYON.

**Dat Avi a Anvige: 26 Mas 2013 Dat Revizyon: Iye Out**

Avi sa a ki konsène Pratik Konfidansyalite Enfòmasyon Prive dekri praktik konfidansyalite: Aktivite komèsyal Walmart Health & Wellness yo, aktivite komèsyal Sam's Club Health & Wellness yo, ak praktik konsènan swen sante endepandan yo ak founisè patnè yo nan Walmart Health. Walmart Health pa depann de Walmart Inc. selon lalwa, e li gen ladann praktik konsènan swen medikal, swen dan tè ak swen sante konpòtmantal. Tout antite sa yo te mete tèt yo ansanm epi yo patisipe nan yon sistèm swen sante òganize. Avi sa a aplike pou tout sant medikal ak sant ki bay sèvis pwofesyonèl swen sante, tankou lokal Walmart and Sam's Club kote klinik Sante Walmart ak pwofesyonèl swen sante patnè yo opere, ak famasi Walmart oswa Sam's Club, sant pou swen zye, oswa sant optik yo. Li aplike tou pou sèvis sa yo ke Walmart Health Virtual Care founi yo. Nou rekonèt enfòmasyon medikal ou swe enfòmasyon ki pèsonel epi nou pran angajman pou pwoteje yo. Dapre lalwa, nou gen obligasyon pou kenbe konfidansyalite enfòmasyon pwoteje sou sante ou (protected health information, "PHI"), pou ba ou Avi sa a konsènan responsablite legal nou ak praktik konfidansyalite konsènan PHI ou, epi pou rapòte ba ou nen vyolasyon sekirite ki gen pou wè avèk PHI ki pa pwoteje ou. Nou dwe swiv kondisyon ki nan Avi sa a.

**Utilizasyon ak Divilgasyon Nou Pa Bezwen Otorizasyon Ou: 1. Pou Tretman.** Nou ka itilize epi divilge PHI ou pou rezon tretman, tankou bay preskripsyon oswa dyagnostik, oswa pou jere ak kwòdone swen sante ant youn oswa plizyè nan founisè swen sante yo. Nou ka divilge PHI w la bay doktè k ap trete w la, pwofesyonèl swen sante, famasi, pwofesyonèl swen pou zye ak lòt pwofesyonèl swen sante ki jere ak kwòdone swen sante w oswa tretman w. **2. Pou Peman.** Nou ka itilize ak divilge PHI ou pou rezon pou nou ak lòt sant medikal ki kouvri yo kapab ba ou bòdwo epi resevwa peman nan men ou, nan konpayi asirans ou oswa yon moun endepandan. Sa ka gen ladan tcheke kalifikasyon asirans avèk Medicaid leta, Medicare, oswa lòt plan sante, kondisyon enskripsyon, epi bay PHI ou pou sant medikal ki ede nou prezante bòdwo yo epi resevwa kantite lajan pasyan yo dwe nou. **3. Pou Operasyon Swen Sante.** Nou ka itilize ak divilge PHI ou pou operasyon nou yo nan swen sante ak operasyon lòt sant medikal ki kouvri yo kote ou gen oswa te gen relasyon. Operasyon yo nan swen sante ka gen ladan aktivite ki nesese pou bay sèvis swen sante epi pou asire ou resevwa bon kalite sèvis kliyan. **4. Pou Operasyon Angwoup nan Swen Sante.** Chak pwofesyonèl swen sante sant medikal ki kouvri li patisipe nan aranjman òganize nou pou swen sante (ki dekri anwo a) ka divilge PHI ou ba chak lòt pwofesyonèl swen sante pou fè operasyon swen sante ki asosye avèk aranjman òganize pou swen sante a. Nan yon fason espesyal, klinik Walmart Health ak patnè pwofesyonèl swen sante yo ka pataje PHI w youn ak lòt, epi ak Walmart oswa Sam's Club Health & Wellness, pou objektif sa a. **5. Pou Kominike avèk Ou konsènan Pwodui ak Sèvis ki Asosye avèk Sante.** Nou ka itilize oswa divilge PHI w pou nou kominike avèk ou konsènan swen sante w ak pou lòt bagay ki gen rapò ak li. Pa egzanp, nou ka itilize oswa divilge PHI w pou nou fè w sonje randevou w yo, fè w konnen ki swen sante prevantif ki disponib, pou ba ou sèvis jesyon terapi medikaman, oswa pou enfòmasyon sou lòt kalite tretman ki enkli sa ki disponib nan kad opòtinite rechèch yo. **6. Moun ki Patisipe nan Ba Ou Swen Sante oswa nan Peman pou Swen Sante Ou.** Nou ka divilge PHI ou ba youn moun nan moun ou, zanni ou, oswa lòt ou idantifye, ki patisipe nan swen medikal ou oswa nan peman pou swen medikal ou, depi ou dakò avèk divilgasyon sa a, ou te gen yon okazyon pou pa dakò epi ou pa t fè sa, oswa nou detèmine dapre sikonstans yo nan jijman pwofesyonèl nou divilgasyon an apwopriye pou nou fè. **7. Dapre Egzijans Lalwa.** N ap divilge PHI w lè nou kwè lwa federal, lwa leta oswa lwa lokal, lòd tribinal, oswa yon demann similèl egzijje pou nou fè sa. **8. Pou Evite youn Danje Grav sou Sante oubyen Sekirite.** Nou ka itilize oswa divilge PHI w lè li nesese pou nou evite oswa diminye youn menas grav pou sante oswa sekirite pou nenpòt moun oswa bibli la. **9. Pou Aktivite Sipèvizyon Swen Sante.** Nou ka divilge PHI w bay youn ajans sipèvizyon sante pou aktivite lalwa otorize oswa egzijje tankou verifikasyon, enspeksyon ak livrezon lisans oswa lòt aktivite ki nesese pou sipèvizyon sistèm swen sante a, pwogram avantaj yo, ak dwa sivil. **10. Pou Sante ak Sekirite Piblik.** Nou ka divilge PHI ou ba otorite gouvènman pou aktivite sante ak sekirite piblik tankou pou evite oswa kontwòle maladi, chòk, oswa andikap, rapòtaj abi, neglijanis oswa vyolans nan kay, epi rapòtaj rapèl oswa reyaksyon negatif nan medikaman. **11. Pou Pwosè Ak Konfli.** Nou ka divilge PHI ou pou reponn youn lòd tribinal oswa youn lòd administratif, youn asiyasyon pou prezante nan tribinal, demann dekouvèt, oswa lòt pwosesis legal si nou te fè efò pou fè ou konnen demann lan oswa pou jwenn youn lòd pwoteksyon. **12. Lapolis.** Nou ka divilge PHI w bay youn ofisyèl lapolis pou sèten objektif aplikasyon lalwa, tankou pou rapòte krim moun fè nan lokal nou oswa pou nou reponn demann lejitim lapolis. **13. Fonksyon Espesyalize Gouvènman.** Nou ka divilge PHI ou: (1) si ou se youn moun fòs lame, jan otorite kòmanman militè yo egzijje sa; (2) si ou se youn prizonè oswa si ou an gadavi, nan youn enstitisyon koreksyonèl, oswa ofisyèl lapolis; (3) pou reponn youn demann lapolis fè, anba sèten kondisyon; (4) pou sekirite nasyonal avèk otorizasyon lalwa; (5) ba ofisyèl federal yo pou pwoteje Prezidan an. **14. Pou Kompansasyon Travay.** Nou ka divilge PHI ou pou pwogram kompansasyon travay oswa pou pwogram ki sanble. **15. Pou Don Ogan ak Tisi.** Nou ka divilge PHI w bay òganizasyon ki resevwa ògan oswa òganizasyon similèl pou objektif don oswa grèf. **16. Pou Doktè Lejis ak Direktè Pwopriyè.** Nou ka divilge PHI ou ba youn direktè pwopriyè, doktè lejis, oswa egzaminatè medikal youn fason ki konsistan avèk lwa ki anvigè pou pèmèt yo fè travay yo. **17. Pou Reprèzantan Pèsonel.** Nou ka divilge PHI ou ba youn moun ki gen otorizasyon legal pou pran desizyon sou non ou, tankou youn paran, responsab legal, oswa administratè oswa egzektif eta kote w ap viv la. **18. Pou Prèv Vaksinasyon.** nou ka bay prèv vaksinasyon pou youn lekòl konsènan youn elèv oswa youn fiti elèv, jan lalwa egzijje sa, si paran/responsab legal, minè emansipe, oswa lòt moun otorize bay otorizasyon an jan sa revizyè. **19. Rechèch.** Nou ka itilize oswa divilge PHI ki gen rapò ak objektif rechèch, ki ka bezwen otorizasyon w (ki dekri anba a). Nou kapab itilize oswa divilge PHI: (1) dapre youn egzansyon youn komite revizyon enstitisyonèl oswa youn komite sou enfòmasyon prive; (2) nan preparasyon pou rechèch; epi (3) kòm youn seri done limite (PHI kote yo retire anpil nan detay ki idantifye w yo).

**Utilizasyon ak Divilgasyon Ki Pa Bezwen Otorizasyon Ou:** Nou p ap itilize oswa divilge PHI w san otorizasyon w, sof si HIPAA pèmèt itilizasyon oswa divilgasyon sa yo. Ou ka anile otorizasyon w alekri nenpòt ki lè jan otorizasyon an mande l. Anilasyon w lan ap sispann pwochen itilizasyon ak divilgasyon PHI pou rezon ki tabli nan otorizasyon ou te siyen an, sof si nou te deja aji sou baz otorizasyon sa a oswa si lalwa entèdi nou fè sa. Nou dwe swiv nenpòt lwa ki pi sevè pase HIPAA. **1. Lavant PHI.** Nou p ap itilize oswa divilge PHI ou pou nou resevwa reminerasyon dirèk oswa endirèk sof si ou ban nou otorizasyon pou fè sa. Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon yo youn rann enfòmasyon yo anonim dapre HIPAA. **2. Nòt Sikoterapi.** Sof nan sikonstans ki limite, nou pa ka itilize oswa divilge nòt sikoterapi youn pwofesyonèl swen sante mantal anrejistre ki montre konvèsasyon ou pandan youn sesyon pou resevwa konsèy san ou pa jwenn otorizasyon w. **3. Maketing.** Avèk otorizasyon ou, nou ka itilize oswa divilge PHI ou pou objektif maketing. **4. Objektif Rechèch.** Nou ka itilize oswa divilge PHI pou rezon rechèch avèk otorizasyon w, anplis de sikonstans ki dekri pi wo yo.

**Ou gen Dwa ki endike Anba la yo Anrapò avèk PHI ou:** 1. Ou ka mande pou gen restriksyon sou itilizasyon oswa divilgasyon PHI ou pou tretman, peman oswa operasyon swen sante, oswa ou ka mande pou gen restriksyon sou divilgasyon PHI ou ba youn moun ki patisipe nan swen sante ou oswa nan peman pou swen sante ou, tankou youn moun nan moun ou oswa youn zanni ou. Nou pa gen obligasyon pou dakò. Si nou dakò, n ap satisfè demann ou sof nan sèten sitiyasyon ijans oswa jan lalwa egzijje sa. 2. Ou ka mande pou gen restriksyon sou sèten divilgasyon PHI ou nan plan sante ou pou rezon tretman, peman oswa pou operasyon swen sante konsènan sèvis ki peye okonplè (avèk lajan ki soti nan pòch ou). 3. Ou ka konsilte epi resevwa youn kopi sou paye oswa youn kopi elektwonik dosye medikal ou, si li posib pou nou prepare li oswa mande pou youn bay moun ou dezyen an. N ou ka mande ou pou peye fè rezonab pou nou reponn demann ou. Nou ka bay refi pou demann ou. Nan youn ka konsa, ou ka mande pou gen youn revizyon refi a. 4. Ou ka mande pou nou modifiye sèten PHI ou si li pa kòrèk oswa pa okonplè. Ou dwe bay youn rezon pou sipòte demann ou. Nou ka bay refi pou demann ou si PHI a egzakt ak okonplè oswa si li pa youn pati nan PHI ou ki konsève nan klinik pwofesyonèl swen sante ki konsène a nan aranjman òganize nou pou swen sante. Si nou bay refi pou demann ou, ou gen dwa pou prezante youn deklarasyon dezakò poutèt sa. Demann ou fè ap vin youn pati nan dosye medikal ou, epi n ap mete li ladan lè nou fè youn divilgasyon enfòmasyon oswa deklarasyon nou kwè ki pa okonplè oswa ki pa kòrèk. 5. Ou ka mande pou nou ba ou youn kontrandi divilgasyon nou fè sou PHI ou. Kontrandi sa a se youn lis divilgasyon nou fè nan PHI ou, ki pa tretman, peman oswa operasyon swen sante ak lòt eksepsyon lalwa bay pèmision. Demann ou dwe endike youn peryòd tan ki ka pa depase sizan anvan dat demann lan. 6. Ou ka mande pou nou kontakte ou nan youn sèten fason oswa nan youn sèten adrès. Pa egzanp, ou ka mande pou nou kontakte ou sèlman nan travay ou oswa nan youn adrès diferan oswa nan youn bwat postal. Demann alekri ou dwe endike fason oswa kote ou vle pou nou kontakte ou. N ap satisfè demann rezonab yo. Si ou ta renmen egzèsè nenpòt nan dwa sa yo, kontakte lokal Walmart, Sam's Club, oswa youn lokal Walmart Health ki te ba ou sèvis yo pou jwenn fòm ki apwopriye a, oswa soumèt youn demann alekri nan HIPAA Compliance, Walmart Inc., 2608 SE J Street, Mailstop 0230, Bentonville, AR. 72716-0230. Ou ka jwenn youn kopi Avi sa a sou paye nan Walmart, Sam's Club, Walmart Health ou a oswa sou sitwèb: <https://corporate.walmart.com/privacy-security/notices/>.

**Chanjman nan Avi sa a sou Pratik Konfidansyalite Enfòmasyon Prive:** Nou gen dwa pou chanje avi sa a epi pou mete avi ki revize oswa chanje a anvigè pou PHI ou nou konsève deja oswa sa n ap resevwa pivevan. N ap afiche youn kopi dènye Avi a. Si nou chanje Avi nou, ou ka resevwa youn kopi Avi ki revize a depi ou fè demann lan oswa depi ou ale sou sitwèb: <https://corporate.walmart.com/privacy-security/notices/>.

**Pou Jwenn Plis Enfòmasyon oswa pou Rapòte youn Pwoblèm:** Si ou gen kesyon konsènan Avi sa a, kontakte HIPAA Compliance, Walmart Inc., 2608 SE J Street, Mailstop 0230, Bentonville, AR. 72716-0230 oswa nan nimewo (800) WAL-MART. Si ou kwè nou vyole dwa ou pou konfidansyalite enfòmasyon prive, ou ka depoze youn plent alekri, epi p ap gen vanjans kont ou poutèt sa, avèk Fonksyonèl Konfòmite HIPAA nan adrès ki endike anwo a, oswa avèk Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal, Biwo pou Dwa Sivil.

**Deklarasyon Dwa Pasyan an:** 1. Ou gen dwa pou w resevwa tout enfòmasyon davans sou swen sante/sèvis ou pral resevwa, tankou zòn sèvis ki bay swen sante ak frekans vizit yo, ak nenpòt modifikasyon nan plan sante w la; 2. Ou gen dwa pou w patisipe nan devlopman ak revizyon peryodik plan swen sante w; 3. Ou gen dwa pou w refize swen sante oswa tretman apre yo fè w konnen tout konsekans k ap genyen pou refi ou; 4. Ou gen dwa pou w resevwa enfòmasyon davans, aloral ak alekri, sou swen sante w ap ba ou a, sou frè pou peye, tankou peman pou swen sante/sèvis yo espere jwenn nan klinik endepandan ak nenpòt chaj kliyan an/pasyan pral responsab pou peye; 5. Ou gen dwa pou youn trete pwopriyete w ak moun ou ye a avèk respè, avèk konsiderasyon epi rekonesans diyite ak pèsonalite; 6. Pou youn kapab idantifye manm pèsonel vizit avèk idantifikasyon kòrèk; 7. Ou gen dwa pou w pa viktim move tretman, neglijan, oswa abi vèbal, mantal, seksyèl ak fizik, tankou chòk ou pran nan sous enkonik, ak detounman pwopriyete w; 8. Ou gen dwa pou w fè konnen doleyans/plent ki konsène tretman an oswa swen sante a, mank respè pou pwopriyete oswa pou w rekòmande chanjman nan règleman an, manm pèsonel oswa swen sante/sèvis nan restriksyon, deranjman, presyon diskriminasyon oswa vanjans; 9. Ou gen dwa pou w soumèt doleyans/plent ki konsène tretman an oswa swen sante yo ba ou a (oswa youn pa ba ou) oswa mank respè pou pwopriyete yo mennen anklèt sou li a; 10. Konfidansyalite ak vi prive; 11. Pou youn fè ou konnen règleman ak pwosedi ki konsène divilgasyon dosye medikal; 12. Ou gen dwa pou w resevwa swen sante kòmadvwa san diskriminasyon annakò avèk rekòmandasyon pwofesyonèl swen sante a; 13. Resevwa enfòmasyon sou enpòtans sèvis òganizasyon an pral bay yo ak sou sèten limit sèvis yo. **Responsablite Pasyan yo:** 1. Ou dwe bay enfòmasyon ki konplè ak egzakt konsènan sante ou nan moman an, medikaman w ap pran nan moman an, alèji ou genyen, elatriye, lè li apwopriye pou resevwa swen sante/sèvis; 2. Ou dwe patisipe, jan sa nesese ak posib, nan devlopman, aplikasyon ak modifikasyon plan swen w.

**Sèvis Asistans Lengwistik ak Èd Oksilyè yo:** An konfòmite ak Seksyon 1557 Lwa sou Swen Abòdab la, nou bay sèvis asistans lengwistik ak sèvis èd oksilyè ki apwopriye, sou demann, epi ki gratis, pou kliyan ak manm yo, ansanm ak pasyan yo, patisipasyon yo, benefisyè yo, moun ki enskri yo, ak aplike pou pwogram swen sante nou yo, pou aktivite oswa sèvis yo.

**Enkyetid Kliyan: Ou ka rele (800) WAL-MART** si ou gen youn enkyetid konsènan fwod ak abi oswa nenpòt tretman oswa sèvis ou resevwa nan òganizasyon nou an oswa ou ka kontakte Komisyon Akreditasyon pou Swen Sante (Accreditation Commission for Health Care, ACHC) nan nimewo (919)785-1214 oswa (855) 937-2242 si plent ou pa rezoud. Ou kapab rele Biwo Enspektè Jeneral la tou nan (800) 447-8477.

**Prensip pou Founisè DMEPOS Medicare:** Pwodui ak/oswa sèvis nou ba ou nan Wal-Mart Stores, Inc. dwe an konfòmite avèk prensip founisè ki endike nan règleman Federal yo epi ki parèt nan Seksyon 424.57(c) Kòd 42 Règleman Federal yo. Prensip sa yo konsène aktivite pwofesyonèl ak operasyonèl nan biznis (egzanp, lè y ap onore garanti yo ak orè operasyon). Tèks konplè sou estanda sila yo disponib nan [www.ecfr.gov](http://www.ecfr.gov). Dèke w ta mande sa, n ap founi w yon kopi estanda yo alekri.

**Enfòmasyon sou Garanti:** Tout ekipman Medicare konpayi nou an vann oswa lwe gen yon garanti manifakti pou yon ane.

Pou plis enfòmasyon sou enfòmasyon sou garanti oswa enstriksyon tanpri pale ak famasi w la

Eskane kòd QR la pou wè vèsyon nimerik Avi yo

